

Nimewo 20.2

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz Pwopagasyon Kontinyèl Viris Varyòl Senj lan nan Eta New York

LÈ NOU KONSIDERE, Òganizasyon Sante Mondyal la te deklare viris varyòl senj lan se yon ijans sante piblik ki konsène tout kominote entènasyonal la nan 23 jiyè 2022;

LÈ NOU KONSIDERE, akòz pwopagasyon kontinyèl viris varyòl senj lan ak gwo risk ke viris sa a poze pou sante moun, Komisè Sante Eta New York la te deklare viris varyòl senj lan yon menas iminan pou sante piblik nan 28 jiyè 2022;

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 27 septanm 2022, gen 3857 ka varyòl senj yo rapòte nan Eta New York;

LÈ NOU KONSIDERE, depatman sante lokal yo ap reyaji aktivman a epidemi varyòl senj lan atravè sipò ankèt, idantifikasyon kontak ak siveyans, administrasyon vaksen pou kontak ki ekspoze ak popilasyon aktyèl ki gen gwo risk ki sible yo epi edikasyon ak sansibilizasyon;

LÈ NOU KONSIDERE, gouvènman Eta New York la dwe sipòte minisipalite, lokalite ak konte yo nan efò yo pou fasilite ak administre vaksinasyon ak tès pou varyòl senj lan ak pou anpeche maladi a kontinye pwopaje;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans poutèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 20 an epi kontinye kenbe anviègè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 20 an jiska 27 oktòb 2022, a kondisyon ke modifikasyon anba yo pral anviègè:

- Modifikasyon tanporè Soudivizyon 2 nan seksyon 6801 Lwa sou Edikasyon an ak seksyon 63.9 Tit 8 NYCRR la, ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 20, nan mezi modifikasyon sa otorize famasyon yo pou yo administre vaksinasyon kont varyòl senj lan konfòmman ak yon òdonans ki pa pou yon pasyan an patikilye, modifiye nan limit nesèsè pou otorize famasyon yo administre tou vaksinasyon kont varyòl senj lan konfòmman ak òdonans espesifik yon pasyan; epi
- Modifikasyon tanporè Soudivizyon 6 nan seksyon 6527 Lwa sou Edikasyon an, soudivizyon 4 nan seksyon 6909 Lwa sou Sante Piblik la ak seksyon 64.7 Tit 8 NYCRR la, ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 20 an, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt famasyon yo ak enfimiyè pratisyen sètifye yo pou yo emèt yon rejim ki pa pou yon pasyan an patikilye bay moun lalwa oswa dekrè egzekitif sa otorize pou yo administre vaksinasyon kont varyòl senj lan, modifiye nan limit nesèsè pou otorize doktè ak enfimiyè pratisyen sètifyen yo emèt òdonans ki pou yon pasyan an patikilye bay famasyon lisansye yo pou administrasyon vaksinasyon pou anpeche varyòl senj.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan vennsityèm jou mwa septanm nan ane de mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a